Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

№ 58 (25544)

РÆСТДЗИНАД

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 6 апрел — хуымгæнæны мæйы 6 бон, æртыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КОНКУРС
“Дунейы адæмтæ”

3 РОХÆН ÆВГЪАУ НÆМТТÆ
Йæ цард уыд аивадæн нывонд

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Уæгъдибар хъæбысхæст

Хуссар Ирыстоны Президенты æвзæрстытæ

МАХ ЦÆУÆМ УÆРÆСЕМÆ! МАХ ЦÆУÆМ НÆХИМÆ!

МÆ ЗЫНАРГЪ ÆМБÆЛТТÆ! ÆМЗÆХХОНТÆ!

Фæнды мæ цины хабар фехъусын кæнын: мах здæхæм нæхимæ!

Уыцы уæззау фæндагыл сæмбæлдыстæм бирæ цæлхдуртыл æмæ ныхмæлæуджытыл, фæлæ нæ бон у ныртæккæ зæгъын: нæ цæстыты цур истори йæхи амоны. **Мах лæууæм историон цауы къæсæрыл, мах стæм нæ райгуырæн къæсæрыл.**

Ахæм рæстæг мæ зæрдæ байдзаг вæййы сæрыстырдзинадæй мæ быхсон, бирæбавзарæг, фæлæ тыхджын æмæ сæрибар адæмæй. Бирæ азты дæргъы мах, Хуссар Ирыстон, цыдыстæм Уæрæсейы Федерациимæ баиу кæныны стыр нысанмæ. Чи æнхъæлмæ каст, чи æууæндыд æмæ уыцы бæллицмæ чи цыд, уыдонæн бузныг.

Абон фидарæй нæ бон у зæгъын — МАХ ФÆУÆЛАХИЗ СТÆМ!

Ныр ма нæ бирæ фарстатæ хъæуы алыг кæнын, фæлæ сæйрагдæр, нæ Райгуырæн бæстæйы сæраппонд иу адæм кæй суыдзыстæм, уый у. Иумæ нæ къухы фылдæр бантысдзæн, цавæрфæнды зындзинæдты сæрты дæр иумæ ахиздзыстæм!

Иумæ нæ Ирыстон скæндзыстæм тыхджын æмæ дидинæгкалгæ республикæ!

Æппæт Хуссар Ирыстоны адæм сæ иумæйаг фæнд райсыны тыхкæй хъуамæ бацархайой æппæтадæмон референдумы. Фæлæ мæ уырны — нæ граждæнтæн сæ фылдæр схъæлæс кæндзысты

ИРЫСТОНЫ ТЫХХÆЙ!
УÆРÆСЕЙЫ ТЫХХÆЙ!
НÆ АДÆМЫ УÆРÆСЕЙЫ ФЕДЕРАЦИЙЫ СКОНДЫ БАИУ КÆНЫНЫ ТЫХХÆЙ!

БИБЫЛТЫ Анатоли

РЕСПУБЛИКÆ ХУССАР ИРЫСТОНЫ ПАРЛАМЕНТЫ ”ИУГОНД ИРЫСТОН”-ы ПАРТИЙЫ ДЕПУТАТТÆ СИДЫНЦ АДÆММÆ

Кæронмæ фæхæццæ кæнынц Хуссар Ирыстоны Президенты æвзæрстытæ, хъуамæ нæ алчидæр 10 апрелы йæ хъæлæс радта. Уымæй аразгæ уыдзæн, нæ адæм размæ цавæр фæндагыл ацæудзысты, разæй нæм цавæр фидæн æнхъæлмæ кæсы, уый. "Иугонд Ирыстон"-ы парламентон фракцийы 14 депутаты сæ кандидат сбæлвырд кодтой.

АБОН МАХ ÆРГОМÆЙ ЗÆГЪÆМ, БИБЫЛТЫ АНАТОЛИЙЫ ФАРС КÆЙ ХÆЦÆМ, УЫЙ ТЫХХÆЙ!

1. 2014 АЗЫ НÆ БÆСТÆЙЫ РАЗАМЫНД УÆНДОН КЪАХДЗÆФ АКÆНЫНÆЙ ФÆТАРСТ. Хуссар Ирыстон цæмæй Уæрæсейы Федерацийы сконды суа, уый тыхкæй хъуамæ бацæттæ кæнæм референдум. Президент Бибылты Анатоли цæттæ у хъысмæт лыггæнæн бæрнондзинад йæхимæ райсынмæ. Тагъд нæ бахъæудзæн хъæлæс кæныны архайын, уый хатдзæгты фæрцы нæ адæм сæхицæн сбæлвырд кæндзысты, нæ бæстæйæн цавæр фæндаг æвзараем, уый. Мах, "Иугонд Ирыстон"-ы партийы фракци, цæттæ стæм ахæм цаумæ, хъуамæ нæ адæм баиу уой Уæрæсейы Федерацийы сконды. Бибылты Анатоли кæдæй кусы, уæдæй нæ стратегион цæдисонимæ æмæ не стыр хæлар Уæрæсеимæ нæ бастдзинæдтæ банывыл сты. Уыцы æмгуыстад æрæнцад иумæйаг проекттæ æххæст кæныныл æмæ æууæнкыл, уый фæрцы нæ бæллиц сæххæст уыдзæн æмæ ирон адæм баиу уыдзысты Уæрæсейы сконды.

(Кæрон 2 фарсыл)

Экономикæ

Инвестициты бæрц

Цæгат Ирыстоны экономикон рæзты министр КУЧИТЫ Зауыры ныхасмæ гæсгæ, æппæт гуырæнтæй нæ республикæйы экономикæ æмæ социалон къабазыл хардзгонд инвестициты бæрц рауад 34,6 миллиард сомы.

Инвестициты хардзæй 46 социалон объекты (уыдоны æхсæн — Дзæуджыхъæуы уæвæг Сывæллæтты республикон клиникон рынчындоны фæзуатыл сывæллæтты поликлиникæ, Алагиры, Æрæфы, Кировы, Мæздæджы æмæ Горæтгæрон районы амбулаторитæ æмæ 20 фелсырон-акушерон кусæндоны, Рахизфарсы районы Цæлыччы скъола, стæй, 630 бынаты кæм ис, Дзæуджыхъæу æмæ Беслæны æртæ ахæм рæвдауæндоны) арæзтад æмæ рацарæзт кæронмæ ахæццæ.

Уымæй уæлдай, Дзæуджыхъæуы, стæй Кировы районы Ираны æмæ Кæрдзыны рæвдауæндæттæм уæлæмхасæн бафтыдтой цыппар бæстыхайы, Горæтгæрон районы Михайловскыхъæуы скъола та рацарæзтой.

Дзæуджыхъæуы спортивон хъæбысхæстмæ цæттæдзинады тренировкæгæнæн центр æмæ сывæллæтты спортивондзæбæхгæнæн комплексимæ 12 хъазæн фæзы скуыстой, Хурыхъæуæй Мæздæгмæ автомобилон фæндаджы хæйтты рацарæзт кæронмæ ахæццæ, Рахизфарсы районы агропромышленнон комплексы æртæ объектмæ бацæуæн фæндæгтæ срæвдз сты.

Республикæйы социалон къабазы æмæ инженерон инфраструктурæйы арæзтады æмæ бындурон цалцæгкæнынады, стæй адæмы цæрæнуæтты уавæртæ фæнывыл кæныны фæдыл программæтæ сæххæст кæныныл бахардз кодтой 8,4 миллиард сомы бюджетон фæрæзтæ.

Нæ уацхæссæг

Бынæттон хиуынаффæйад

Æрлæууæн бынæттæ – хæдтулгæтæн

Дзæуджыхъæуы инæлар Плийы-фырты уынджы хæдтулгæтæн цы къуындæг азмæлæнтæ ис, уый рагæй зындгонд у. Рæстæгимæ хæдтулгæты нымæц фылдæрæй-фылдæр кæй кæны, уый горæты бирæ уынгты зынгæ къуылымпы кæны транспортон змæлд.

Уыцы æууæл бæлвырд фæзынд Плийы-фырты уынджы уавæрыл дæр. Ам Центрон универсалон дукани æмæ бирæ æндæр базарадон организацитæ кæй ис, уымæ гæсгæ боныгон уым фæндаджы фæйнæфарс адæм иудадзыгдæр бауромынц сæ хæдтулгæтæ. Æмæ уыцы æууæл иннæ транспорты цыд ноджыдæр фæкъуылымпы кæны.

Æппæт уыцы æууæлтыл сагъæс кæнгæйæ, горæты администраци уынаффæ рахаста, цæмæй Коцойы-фырты уынджы тигъмæ 'ввахс арæзт æрцæуа хæдтулгæтæн лæвар æрлæууæн бынат. Горæты администрацийы транспорт æмæ фæндагон арæзтады управленийы хайады хицау **Фидараты Роберт** куыд радзырдта, афтæмæй ахæм æрлæууæн бынат аразгæйæ, хыгъд æрцæудзысты, куыд хæдтулгæты хицæутты, афтæ фистæг цæуæг бæлццæтты бартæ дæр.

— Фæндаджы был цы сусхъæды зæронд бæлæстæ ис, уыдон акалын бахъæудзæн. Ныртæккæ специалисттæ уыцы бæлæстæн сæ уавæр иртасынц. Бынаты рацарæзты фæстæ тротуар дæр, стæй хæдтулгæты æрлæууæнтæ дæр уыдзысты нормативон домæнты аккаг. Проектмæ гæсгæ дзы уыдзæн хæдтулгæтæн 40 æрлæууæн бынаты. Рацарæзты куыстыты фæстæ фæз саив кæндзыстæм уисхъæды бæлæстæй, — радзырдта Фидары-фырт.

Администрацийы минæвары ныхасмæ гæсгæ, хæстæгдæр рæстæг горæты сараздзысты хæдтулгæтæн 9 ахæм ног æрлæууæн фæзуаты (уыдзæн сæ 250 бынаты бæрц).

Уый тыхкæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты администрацийы пресс-службæ.

Нæ уацхæссæг

Аппаратон æмбырд

Медицинон æххуысы нывылад, горæттæ æмæ хъæуты фæлгонцад, Уæлахизы бонмæ цæттæ кæнын æмæ æндæр фарстатæ

Апрелы кæронмæ Цæгат Ирыстонмæ сласдзысты республикæйы медицинон кусæндæтты туаггуыры станцæтæ сæвæрынæн хъæугæ технологон ифтонггæрзтæ. Ацы бонты та специалисттæ Республикон клиникон рынчындоны кусынæввонг кæнынц медицинон концентратор. Уый тыххæй æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр ТЕБИАТЫ Сослан фехъусын кодта, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО цы æрвылкъуырион хицауадон æмбырд сарæзта, уым.

Фæстаг рæстæг коронавирусы пандемийы тæваг лæмæгъдæр кæй кæны, уыцы æууæл хынцгæйæ, республикæйы Сæргълæууæг Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады разамынд æмæ Хицауады Сæрдары хæдивæг **Александр Реутовæн** бахæс кодта, цæмæй сæ дæлбар кусæндæтты фылдæр хай къæпхæнгай ногæй раивой пъланон медицинон æххуысы фæткмæ. Уыимæ, Сергей Меняйло чиновниктæн бацамыдта, цæмæй фылдæр æргом аздахой бæрзонд технологон медицинон æххуысы фарстатæм, уымæн æмæ, йæ ныхасмæ гæсгæ, фæстаг рæстæг адæм хъаст кæнынц, федералон медицинон кусæндæтты лæггæдтæй спайда кæныны фадат сын кæй нал ис, уымæй.

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады системæйы дарддæры нывылады фарстатыл дзургæйæ, республикæйы разамонæг профилон ведомствæйы минæвæрттæн бахæс кодта, цæмæй хæстæгдæр рæстæг æппæт цæугæ медицинон комплекстæ дæр кусынæввонг скæной.

— Ацы фарста хъуамæ лыггонд æрцæуа къуырийы кæронмæ. Комплекстæ æвæстиатæй хъуамæ ифтонггонд æрцæуой æппæт хъæугæ медицинон техникæйæ дæр, цæмæй хæстæгдæр рæстæг сæрмагонд бригадтæ цæуын райдайой республикæйы цæрæн бынæттæм. Цæугæ медицинон комплексты куысты график бацæттæ кæнут, — фæнысан кодта Сергей Меняйло.

Æмбырды архайджытæ æркастысты адæмы иуæйиу категоритæн льготон хостæ дæттыны, Тагъд медицинон æххуысы станцæйы рацарæзт æмæ æндæр ахæм ахсджиаг фарстатæм дæр.

Уый фæстæ фембæлды бæстон ныхас рауад Уæлахизы бонмæ цæттæ кæныны фарстатыл. Сергей Меняйло муниципалитетты разамонджытæн бахæс кодта, цæмæй се 'ргом аздахой хæстон цыртдзæвæнтæ æмæ мемориалты, стæй æфсæддоны æфсымæрон ингæнты аивдзинадмæ, сæ алфамбылайы сыгъдæгдзинадмæ.

— Уæрæсейы Президенты амынддзинад æххæст кæнгæйæ, компани "Газпром"-ы дæлхайæдтæ цæттæ сты æппæт æфсæддон мемориалты Æнусон æртытæм газ бауадзынмæ. Зæгъæм, Майрæмададжы мемориалы уыцы куыст ныридæгæн æххæстгонд æрцыд. Иннæ муниципалитетты разамонджытæй дæр курын, цæмæй газы компанийы минæвæрттимæ уыцы куыстмæ се 'ргом аздахой, — бацамыдта Сергей Меняйло.

Уымæй уæлдай, республикон ведомствæтæ æмæ муниципалитетты разамонджыты æргом здæхт æрцыд республикæйы хъæутæ æмæ горæтты санитарон сыгъдæгдзинад, фæлгонцад æмæ цъæхвæлысты мæйон саразыны хъуыддагмæ бавналой. Зындгонд куыд у, афтæмæй ацы фарстайы фæдыл РЦИ-Аланийы Хицауад сфидар кодта сæрмагонд уынаффæ. Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, уыцы уынаффæ афойнадыл æххæст кæнынæн арæзт хъуамæ æрцæуой æппæт фадаттæ дæр.

Уымæй уæлдай, республикæйы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сæрды райдайæнмæ æппæт фæлладуадзæн бынæттæ дæр сæ хуыз хъуамæ скалой. Уыимæ, йæ ныхасмæ гæсгæ, хæстæгдæр рæстæг йæхæдæг æрзилдзæн Дзæуджыхъæуы сæйрагдæр фæлладуадзæн тæлмытыл.

Дарддæр профилон ведомствæты минæвæрттæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй ацы бонты Дзæуджыхъæумæ ссæудзысты Урайлаг хæххонметаллургон компанийы специалисттæ. Уыдонæн республикæмæ се ссыды нысан у раздæры завод "Электроцинчы" бæстыхæйтты комплекс Дзæуджыхъæуы муниципалон исбонадмæ раттыны фæдыл бадзырд бафыссын. Уыцы хъуыддаджы фæдыл æппæт цæттæгæнæн куыстытæ дæр афойнадыл æххæстгонд æрцыдысты.

(Кæрон 2 фарсыл)

Дзырды фарн

Цалынмæ нæ зонд нæхимæ ис,
цалынмæ нæма сдзæгъæл стæм,
уалынмæ, нæ фæстаг бонты рæсугъд æмæ кадджын цæмæй уæм, уый мæт бакæнæм...

БРЫТЪИАТЫ Елбыздыхъо

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **6 апрелы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **9-14 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **9-11 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,00

Хурыскаст — 05,32
Хурныгуылд — 18,32

Валютæйы аргъ

Доллар — 83,32 ↓
Евро — 91,11 ↓

12+

МАХ ЦÆУÆМ УÆРÆСЕМÆ! МАХ ЦÆУÆМ НÆХИМÆ!

(Райдайæн 1 фарсыл)

2. БИБЫЛТЫ АНАТОЛИ РАЗАМЫНД КÆДÆЙ ДÆТТЫ, УÆДÆЙ ЙЫН РАЗДÆРЫ ХИЦÆУТТÆЙ ФЫЛДÆР БАНТЫСТ САРАЗЫН. 2017 азæй 2022 азмæ бæрæг дары социалон-экономикон рæзт. Цардыл фæбæрæг сты инфраструктурон æмæ социалон проекттæ. Арæзт æрцыдысты ног хæдзæрттæ, бæстыхæйттæ бындуронæй сцалцæг кодтой, хæдзæртты сæртæ баивтой, Хуссар Ирыстоны энергетикон æдасдзинадыл бацархайдтой (сарæзтой фæстауæрцон ЛЭП), республикæ размæ цæуы, куыд аграрон бæстæ, уыимæ та баст у хойраджы æдасдзинад.

3. БИБЫЛЫ-ФЫРТ У, 2027 АЗМÆ РЕСПУБЛИКÆЙЫ СОЦИАЛОН-ЭКОНОМИКОН РÆЗТЫ ПРОГРАММÆ РÆГЪМÆ ЧИ ХÆССЫ, АХÆМ ИУНÆГ КАНДИДАТ! Уый инвестицион проекты фæрцы хæстæгдæр рæстæг ног куыстадтæ байгом кæндзæн, куысты бынæтты кадаварад нал уыдзæн.

4. ПРЕЗИДЕНТ КÆДДÆРИДДÆР АДÆМИМÆ БАСТ У! Йæ адæмон программæ æнцой кæны хуссарирыстойнæгты фæндæттæ æмæ куырдиæттыл. Иумæйаг куырдиæттæй уæлдай ма нымад æрцыдысты Хуссар Ирыстоны цæрджытæн комкоммæ æхххуысы мадзæлттæ дæр. Æмхуызонæй бæрæггонд сты æмæ сæ æхххæст кæндзысты 2022-2027 азты. Куысты уыцы мадзæлттæ сæ ахадындзинад равдыстой, уæдæ Бибылты Анатолийы раздæры программæ дæр æхххæстгонд æрцыд 95 процентæй.

5. БИБЫЛТЫ АНАТОЛИ ИЛЬЯЙЫ ФЫРТ У НАМЫСЫ ЛÆГ, ЙÆ НЫХАСÆН ХИЦАУ, ЗÆРДÆ ЦÆМÆЙ БАВÆРДТА, УЫДОН ÆХХÆСТ КÆНЫ. Йæ хъуыддæгтæй нæ Президент бавдыста, æцæг адæмон раздзог кæй у, уый. Алкæй фæрныгадыл хъуыды кæнгæйæ, уый æппынæдзух куыста стратегион нысаныл: дæс азы дæргъы архайдта ирæтты бæллиц царды рауадзыныл. Уæрæсейы арæнты баиу уæвыныл куыста. Мах систæм историон цауы æвдисæнтæ. Ирон адæмы амонд æмæ фæрныгадыл чи кусы, уыдоны цур хъуамæ балæууæм!

Зынаргъ æмбæстæгтæ, алы æцæг патриоты дæр хъæуы, нæ адæмы сæйраг историон æмæ стратегион нысан кæй къухы бафтыд, ахæм тыхджын Президенты æхххуыс. Партии "Иугонд Ирыстон"-ы парламентон фракци у Бибылты Анатолийы фарс. Не 'взарджытæ райсдзысты, мах цы фæндагыл змæлæм, уый. Уый нæ хоны нæ историон Фыдыбæстæмæ — Уæрæсемæ.

1. Тадтаты Алан Сергейы фырт — Парламенты Сæрдар;
2. Гасситы Петр Леониды фырт — Парламенты Сæрдары фыццаг хæдивæг;
3. Бибылты Ацæмæз Æхсары фырт — бæстæхъахъхъæнæн æмæ æдасдзинады комитеты сæрдар;
4. Гæбæраты Инал Федоры фырт — фæсивæды, спорт æмæ туризмы комитеты сæрдар;
5. Уалыты Розæ Сергейы чызг — ахуырад æмæ наукæйы комитеты сæрдары хæдивæг;
6. Габатты Алан Хаджумары фырт — закъонæвæрынады, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар;
7. Джиоты Еленæ Æхсары чызг — бюджет æмæ хъалонты комитеты сæрдар;
8. Тадтаты Анатоли Григорийы фырт — депутатон этикæйы комитеты сæрдар;
9. Кокойты Валери Тегайы фырт — мандатон къамисы сæрдар;
10. Икъоты Сæрмæт Никъалайы фырт — фæсивæды, спорт æмæ туризмы комитеты сæрдары хæдивæг;
11. Бæззаты Владимир Гелайы фырт — Парламенты депутат;
12. Икъоты Витали Зауыры-фырт — бюджет æмæ хъалонты комитеты сæрдары хæдивæг;
13. Хъотайты Дмитри Хсарбеджы фырт — нымайæн палатæйы сæрдар;
14. Хуыбылты Илья Франгелы фырт — Парламенты депутат.

МАХ ХЪÆЛÆС КÆНÆМ ИРЫСТОНЫ ТЫХХÆЙ!
МАХ ХЪÆЛÆС КÆНÆМ УÆРÆСЕЙЫ ТЫХХÆЙ!
МАХ ХЪÆЛÆС КÆНÆМ БИБЫЛЫ-ФЫРТЫ ТЫХХÆЙ!

Инал, паддзахадон службæгæнæг:
— Искуы-иу хатт нæм цавæрдæр хъуыддæгтæ нал фæхъарынц. Куыст — хæдзар, алырдæм кæсынмæ нæ нал февдæлы. Фæлæ æрæджы сыхаг районы уазæгуаты уыдтæн мæ хиуæттæм, тынг бадис кодтон хъæуы ивддзинæдтыл. Уæдæ Цхинвал дæр къуырийæ-къуыримæ ивы. Фæндæгтæ аразынц, горæт рæзы, размæ цæуы. Куыд тагъд нæ фæнды, уый бæрц нæ, фæлæ размæ цæуæм. Æз дæн Бибылты Анатолийы фарс, 2017 азæй бæрæг дары республикæйы рæзт. Йæ архайдæй йын разы чи нæу, ахæмтæ уыдзæн. Фæлæ, æппындæр чи ницы кусы, уый рæдигæ дæр нæ кæны. Нæ адæмы цард фæхуыздæр кæныныл тынг архайы.

Аринæ, Цхинвалы хæрзвадаты управленийы кусæг:
— Бæстæ йæхи ивы. Социалон къабазмæ ма акæсут: сывæллæтты фиддонтæ, пенситæ, мызд фæфылдæр сты. Аразынц ног рæвдауæндæттæ, хæдзæрттæ, фæндæгтæ цалцæггонд цæуынц. Раздæр нæм уыдæттæ нæ уыдысты. Цхинвалмæ ма уæлейæ æркæсут! Хæдзæртты ног сæртæ, ног хæдзæрттæ. Аразынц горæты æмæ районты, Университет, рынчындон, скъолатæ, рæвдауæндæттæ, сквертæ, фæндæгтæ аразынц. Фондз азмæ Бибылы-фырт иннæ разамонджыты рæдыдтытæ сраст кодта, хъуамæ дарддæр йæ куыст ахæсса. Мæ зæрдæ дарын, мæ сыхæгтæ, æмбæлттæ æмæ мæ мæ хиуæттæ кæй фехъусдзысты, уыл.

Эдуард, амалхъом:
— Алчидæр, цы йæ фæнды, уый уыны... Кæйдæр пенси хъæуы, иннæйы кусгæ лифт. Бибылты Анатолийы рæстæг фæцæрынæн æнцондæр у. Ласын уæзæгтæ, раздæр Уæресейы арæнты сæрты ахизын тынг зын уыдис. Ныр дзы фарстатæ нал ис, алцыдæр фæхуымæтæгдæ, фæрæвдздæр. Паддзахадон автоинспекцийы кусджытæ сæ ахаст шофыртæм аивтой. Бибылы-фырт æцæг лæг у, хъазæн фæлгъауæнтæ нæ кæны, цæрджыты фарстатæ лыг кæны, хуымæтæг адæмимæ дзурын зоны, уæларвон низæй нæ хъæрзы.

Ия, дзæбæхгæнæн физкультурæйы инструктор:
— Æз бирæ адæмимæ кусын, цалынмæ алыхуызон фæлварæнтæ фæкæнæм, уæдмæ нын ныхас бацайдагъ вæййы. Политикæмæ дæр рахизæм. Адæмы уыйас не 'ндавы, фæлæ сæ фæнды Бибылы-фырты схъæлæс кæнын. Ахæм уынаффæтæ дæр æй бахъуыд рахæссын, адæмы зæрдæмæ чи нæ фæцыд. Фæлæ уым бæрæг дардта бæрнондзинад дæр. Æппæты фаг хорз уæвæн нæй. Сæйрагдæр, хъуамæ Хуссар Ирыстонæн уа фидæн. Бибылты Анатолийыл хъæлæс кæнгæйæ, æвзарæм нывылад æмæ рæзт.

Оксанæ, паддзахадон службæгæнæг:
— Анатоли Ильяйы фырты рæстæг цард хуыздæрæрдæм аивта. Дæс кæнæ фондз азы размæ куыд цардыстæм, уый нæ нал фæнды мысын. Электрон рухсæй нæ-иу куы фæхицæн кодтой, уæд нæ алкæй хæдзары дæр уыд сойын цырæгътæ. Фæндæгтæ — пырх, нæдæр дзы фистæгæй ацæуудзынæ, нæдæр — машинæйыл. Ныр нæ фадæттæ зынгæ фæхуыздæр сты. Горæтаг инфраструктурæйы объекттæ аразынц, рухс нæм æппынæдзух дæр ис. Мызд фæфылдæр, сæйрагдæр та нæм ис нывылад æмæ сабырдзинад. Хуссар Ирыстоны Президентæй куыд зын кусæн у, уый æмбарын. Фæлæ йæ цуры балæууыдтæн, мæ зæрдæ йын зæгъы уæлахиз.

Федор, пенсиисæг:
— Горæты цæрын фенцондæр, куыд ныл аудынц, уый æнкъарын. Бынтондæр — хистæр фæлтæрыл. Райсомы боныл æууæндæм, уый махæн, песиисджытæн, ахсджиаг у. Ныр, нæ фæстагæттæ куыд цæрдзысты, нæ бæстæ цавæр уыдзæн, уыдæттыл мæт кæнын. Уæрæсейы сконды рæвдздæр куы бацæуиккам, Цæгат Ирыстонимæ куы баиу уаиккам, уæд хорз уаид. Пенсиисæджы царды æмвæзад куы фæбæрзонддæр уаид, бæргæ, фæлæ фондз азы размæ уавæр уæззаудæр уыд. Алцыдæр абарын фæхъæуы... Хистæр адæм æмæ сывæллæттæн цы фæрæзтæ дæттынц, уый тыххæй мæ фæнды бузныг зæгъын. Бибылты Анатоли мæ зæрдæмæ цæуы, æз ыл мæ хъæлæс ратдзынæн.

Светланæ, дзулфыцæг:
— Баиу уæвыны хъуыддагæй хуыздæр цы ис? Нæ Президенты политикæимæ разы дæн. Фондз азмæ бирæ хъуыддæгтæ сарæзта, нæ мыздыл бафтыд.

Бижан, таксист:
— Уæрæсейы сконды нæ фæнды уæвын. Дыууæ Ирыстоны цæмæй баиу уой, уый у нæ бæллиц. Илциисæн куы айсиккой, уæд хорз уаид. Президентмæ хорз цæстæй кæсын. Йемæ разы дæн, йæ алы ныхасæн дæр аргъ кæнын. Ирыстоны тынг бирæ аразынц, фæндæгтæ ивынц...

Дзерæ, амалхъом:
— Цæмæй Хуссар æмæ Цæгат мауал уой, уый тыххæй хъуамæ адæм баиу уой. Хъуамæ уа Алани. Иу адæм стæм Уæрæсейы сконды, не 'хца — иу, нæ паспорттæ дæр уæрæсейæгтæ. Президентмæ хорз цæстæй кæсын. Политикæйы куыд вæййы, афтæ алкæмæ дæр ис домæнтæ, фæлæ нæ хионы æфхæрын нæ бауадздзыстæм. Нæ мыздтæ цæмæй фæфылдæр уой, ууыл хъæуы архайын, адæмы царыдуаг хъуамæ фæбæрзонддæр уа. Цæмæй нæ бон уа искуыдæм ацæуын, нæ фæллад суадзын, æнæниздзинад хъахъхъæнынад, ахуырад хъуамæ фæхуыздæр уой. Фæндид мæ, цæмæй нæм хъæрмуæттæ саразой...

Кристинæ, сывæллæтты мад æмæ хæдзары æфсин:
— Ирыстон Уæрæсейы сконды баиу уæвынимæ разы дæн. Хъуамæ нæ цард фæнывылдæр уа. Нæ Президенты хъуыддæгтæй разы дæн: бирæ аразынц, фæндæгтæ фæхуыздæр сты, ног хæдзæрттæ нæм фæзынд. Фæлæ ма йæм разæй бирæ нысантæ æнхъæлмæ кæсы...

Светланæ, пенсиисæг:
— Ирыстон цæмæй Уæрæсейы иу хай суа, уымæ бирæтæ бæллынц. Уый раст хъуыддаг у , нæ цардыл фæзындзæн хуыздæрæрдæм. Адæймаг тæрсгæ куы нæ кæна, уæд æй фæнды кусын, бинонтæ дарын, сывæллæтты хъомыл кæнын. Тæрсгæйæ дæ къухтæ ницавæр хъуыддагмæ сарæхсдзысты. Нæ Президентмæ мын хорз ахаст ис, архайы. Бирæ ивддзинæдтæ æрцыд, хуыздæр кандидатурæ нæм нæ уыдзæн...

Нанæ, педагог-психолог:
— Баиу уæвын нæ тынг фæнды, Ирыстоны адæм уымæ дæргъвæтин рæстæг æнхъæлмæ кæсынц. Уыцы цау куы 'рцæуа, уæд уый уыдзæн нæ историйы хуыздæр бон. Нæ Президенты фарс дæн, бирæ хъуыддæгтæ сарæзта адæмæн, республикæйæн. Республикæ йæхи аивта, бирæтæ афтæ хъуыды кæнынц, ома, фондз азмæ алцыдæр саразæн ис. Фæлæ æппæтыл нæ аххæсдзынæ. Адæм ма йæ куы равзарой, уæд ма йæ къухы фылдæр бафтдзæн...

МОЕЙ МАЛОЙ РОДИНЕ — С ЛЮБОВЬЮ

Иу адæймаджы бафарстой:
— Кæм кусыс?
— Хистæр æвгæнæгæй.
— Хистæр æмæ кæстæр æвгæнæгæй цы уæлдай ис?
— Кæстæр æвгæнæгæн йæ бон цы нæу, уый æз сæккой кæнын æмæ йæ хæссын.
Газеткæсæг, æвæццæгæн, ахъуыды кæндзæн, æвгæнæг ам цы гæнæг у, æмæ йæ куыд ис бабæттæн уацы сæргондимæ.
Фæлæ дзы ис комкоммæ бастдзинад.

Кæддæриддæр мæм уыд ахæм хъуыды, кæцыфæнды ралли-баллигæнæг цхинвайлаг лæппуйæ дæр кæцыфæнды африкæйаг бæстæйы премьер-министр рауайдзæн. Æрмæст Хуссар Ирыстоны нæ, уымæн æмæ ам алы фыццаг дæр у хъæбатыр, алы дыккаг — дыууæ хатты хъæбатыр, алы æртыккаг та тырны Президенты бынатмæ. Мæнæ дыууæуæладзыгон æрдæгарæзт хæдзар йæхи арвыл æмбæлæг бæстыхайыл куыд нымайы, афтæ. Ахæм абарст хæссын, хуссарирыстойнаг политикон олимпмæ схизынвæнд кæмæ ис, уыдонмæ. Алкæмæ дæр дзы сидын: **президенты уæхсчытыл цы æгæрон уæз æрæнцайдзæн, бæстæйы, нæ адæмы, ныры æмæ фидæны фæлтæрты раз бæрнондзынад æмбарут?** Бибылты Анатоли уыцы уæз аккаг хуызы хаста. Фондз азмæ цытæ сарæзта, уый æрмæст куырм нæ уыны. Иннæ фондз азмæ йæ куы равзарой, уæд ма цытæ сараздзæн...

Бибылты Анатоли йæ рагагъоммæ программæ куы сæхæст кæна, уæд йе 'мбæстæгты зæрдæты баззайдзæн. Президенты бынатмæ кандидатты бæрнондзинады тыххæй куы дзурæм, уæд хъуамæ алы æвзарæг дæр йæхи бæрнондзинады тыххæй ахъуыды кæна. Мах хъуамæ равзарæм, адæймаджы граждайнаг, хъуыддаджы æмæ удварны миниуджытæн аргъ скæнгæйæ. Æз мæ хъæлæс дæттын Бибылты Анатолийæн æмæ сидын æвзарджытæм, цæмæй йын сæ хъæлæстæ радтой.

Алчидæр нæ зоны, ныртæккæ Уæрæсе цы уавæры ис, уый, йæ граждæнтæ та сты Хуссар Ирыстоны цæрджытæ. Мах стæм ацы Цытджын бæстæйы патриоттæ. Йемæ баст у нæ республикæйы æдасдзинад, æнæ æфсымæрон æхххуысæй **мах нæ аирвæздзыстæм.** Æз уый дзурын, уымæн æмæ æвзæрстыты чи фæхæрд уа, уыдонæй алчи нæ басæтдзæн. Сиддзысты адæммæ, цæмæй уынгтæм, митингтæм рацæуой, ахæм цæвиттонтæ нын зындгонд сты. Сабырдæр заман уыдæттæн бынат ис, Сæйраг Закъоны дæр бæрæггонд сты. Фæлæ ныр нæ!

Мах хъуамæ Уæрæсейы знæгтæн фадат ма радтæм, Хуссар Ирыстоны зындзинæдты тыххæй, Кремл та политикон режимы фарс у, зæгъæ, сæ дзурын ма бауадзæм. Ахæм цаутæн хъуамæ бынат ма уа! Ноджы ма фыдгæндимæ баст кæй сты, уымæ гæсгæ.

КОЧИТЫ Леонид,
æхсæнадон архайæг, публицист

P.S. Фæндзай азы цæрын Цæгат Ирыстоны, фæлæ кæддæриддæр мысыдтæн Хуссар Ирыстон. Бынтон тынг-иу æнхъæлмæ кастæн парламентон æмæ президентон æвзæрстытæм, кæцыдæр кандидаты командæйы уæнг уæвгæйæ-иу мын бантыст алы бынæттæ бабæрæг кæнын, ме 'мбæстæгты цæсгæмттæ фенын. Ацы æвзæрстыты хъавыдтæн Бибылты Анатолиимæ йæ фембæлдтытæм цæуын, фæлæ уавæртæ фæивтой. Ацы уацы цы ныффыстон, уыдон хъавыдтæн уыцы фембæлдтыты дзурын...

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Федерацийы Советы арфæ

Уæрæсейы Федерацийы Федералон Æмбырды Федерацийы Советы хъахъхъæнынад æмæ æдасдзинады комитеты сæрдар Уæрæсейы Хъæбатыр, инæлар-булкъон **Виктор Бондырев** æрæрвыста арфæйы фыстæджытæ Дзанайты Азанбеджы номыл Культурæйы фонды президент **Дзанайты Зауыр** æмæ ООО "БОР"-ы генералон директор, фонды проектты архайæг **Хабиты Олегæн** царды активон позицийы, фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады архайды тыххæй, Дыккаг Дунеон хæсты хъæбатырты, Ирыстон-Аланийы райгуырæг хъæбатырты нæмттæ сæнусон кæныныл кæй бакуыстой æмæ Уæрæсейы æфсæддон-патриотон бынтæ фæсарæнты кæй парахат кæнынц, уый тыххæй.

Мамсыраты Таймураз, Федерацийы Советы арфæйы фыстæджытæ дæтгæйæ, загъта, зæгъгæ Ныгулæны бæстæтимæ ныхмæлæуддзинады уавæрты, æгас уырыссаг дунейы, нæ истори, нæ культурæйы ныхмæ иудадзыг куы цæуынц, уæд уæлдай ахсджиагдæр хъуыддаг у нæ бæстæйы активондæр граждæнтæй зæрдиагæй нæ паддзахады кæддæры намыс сног кæныны диссаджы историон проекттæ чи аразы, уыдонæн баххуыс кæнын.

— Дзæуджыхъæу-Испаниа-Хъырым, Цæгатаг полюс-Мангол-Кубæ-Мæскуы-Китай — ахæм дисæфтауæг фæндæгтыл алы бæстæтæ

æмæ континентты цæуынц Дзанайты Азанбеджы номыл Культурæйы фонды фæндæгтæ, цæуынц æнусонгæнгæ Уæрæсейы намыс-джынгæнæг зынгæ минæвæртты нæмттæ, не 'мзæххонтæ: æфсады инæлар, Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Манголы Хъæбатыр **Плиты Иссæйы** Манголы, Кубæйы, Мæскуыйы, Советы Цæдисы Хъæбатыр, æфсæддон сгарджыты таурæгъон **Мамсыраты Хадзы-Умары** Испанийы Къаролады æмæ Хъырымы, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр, ихсæттæг наутæ "Ленин" æмæ "Арктикæ"-йы фыццаг капитан **Кучиты Юри** æмæ афтæ дарддæр, уый ссис нырыккон дунеон ахастдзинæдты æмæ дунеон культурæйы диссаджы фæзынд. Уымæй уæлдай ма нæ культурæйы сурæтгæнæг аивады хуыздæр минæвæртты æмæ бизнесы фонд баиу кæнын базонын Ирыстоны историйы фыццаг хатт ссис ирон скульпторты сфæлдыстад Уæрæсейæ дард фæсарæнты парахат кæнын.

Дзанайты Зауыры разамындæй цы трансконтиненталон историон-культурон проект "Америкæйæ Азимæ — Намысы фæндæгтыл" арæзт цæуы, уый хъуамæ гуырын кæна сæрыстырдзинад хистæр фæлтæрты сгуыхтдзинæдты тыххæй нæ адæмы кæстæр фæлтæрмæ æмæ сæм æвзæрын кæна уыдон мысыны аккаг хъуыдытæ, уый уæлдай ахсджиаг у, абоны вазыгджын уавæрты карз æцæгдзинады Уæрæсейы паддзахады хъомыс нæ цæстыты раз куы фидардæр кæны, уæд, — йæ ныхасы кæрон загъта Мамсыры-фырт.

Виктор БОНДЫРЕВ

Медицинон æхххуысы нывылад, горæттæ æмæ хъæуты фæлгонцад, Уæлахизы бонмæ цæттæ кæнын æмæ æндæр фарстатæ

(Райдайæн 1 фарсыл)

Уый фæстæ æмбырды раныхас кодта Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ**. Вице-премьеры хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ныртæккæ республикæйы æрбынæттон сты Донецк æмæ Луганскы адæмон республикæтæй æнæбары рацæуæг 308 адæймаджы (уыдонæй 182 — сывæллæттæ). Тугъанаты Ларисæ куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй уыцы сывæллæттæ ныридæгæн фидаргонд æрцыдыстыræвдауæндæттæ æмæ скъолатæм. Уыимæ, РЦИ-Аланийы Фæллой æмæ социалон рæзты министрад амынд къæпхæны адæмæн иухаттон æхцайы æхххуыс радтыны фæдыл хъæугæ гæхххæттытæ арвыста Ростовы облæсты Хицауадмæ (зынгонд куыд у, афтæмæй лыгъд адæмæн ахæм æхххуыс бакæныны фарста федералон Хицауады разамынды уынаффæйæ бакодтой Ростовы облæсты администрацийы бæрны).

Лыгъдæтты дарддæры хъысмæтыл дзургæйæ, Сергей Меняйло профилон ведомствæты минæвæрттæн бахæс кодта, цæмæй сбæлвырд кæной, уыцы адæм раздæр цы дæсныйæдтыл куыстой, уый. Уыцы æууæл хынцгæйæ, бацархайын хъæуы, цæмæй сын фæзына куысты бынæттæ.

Æмбырды архайджытæ æрдзырдтой æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Конкурс

"Дунейы адæмтæ"

Ахæм сæргондимæ ацыд скъоладзауты иртасæн куыстыты конкурс Дигорайы Цæголты Георгийы номыл музейы.

Арæзт æрцыд проект "Сабыр æмæ хæлардзинад"-ы фæлгæты Патриотон клуб "Райгуырæн бæстæ". Мадзал байгом кодта историйы дæсны **Хъарданты Тимур**. Уый йæ æрмæджы спайда кодта Владимир Путины цитатæйæ: "...Æз лекъаг, æз дагестайнаг, æз цæцæйнаг, мæхъæлон, уырыссаг, тæтæйраг, дзуттаг, мордвинаг, ирон..." кæцы ссис конкурсы девиз. Уый фæстæ ныхасы бар радтой Дыгуры районы администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Къорнаты Тотрадз** æмæ Дигорайы Цæголты Георгийы номыл хæдзар-музейы хицау **Лолаты Батрадзæн**. Уыдон банымадтой ацы мадзал ахсджиагыл, уымæн æмæ рæзгæ фæлтæр хъуамæ зоной канд сæхи истори æмæ культурæ нæ, фæлæ иннæ адæмты истори, æгъдæуттæ æмæ культурæ дæр. Сæ алыварс цы æндæр нацитæ ис, уыдонимæ цæрой хæларзæрдæ æмæ фæразонæй. Архайдтой дзы 5-11-æм кълæсты ахуырдзаутæ. Уыдон дих кодтой æртæ къордыл: 5-6; 7-8; 9-11-æм кълæстæ.

Жюри рæгъмæ рахаста алы адæмты истори, культурæ æмæ æгъдæуттæ. Скодтой сын сæ национ хæринæгтæ æмæ дзы суазæг кодтой, мадзалмæ чи æрбацыд, уыдоны.

Сæ иумæйаг фæндонмæ гæсгæ конкурсы фæуæлахиз Советон Цæдисы Хъæбатыр Къесаты Астаны номыл Дигорайы 2-æм скъолайы 11-æм къласы ахуырдзау **Къорнаты Маринæ** (наукон разамонæг **Геккиты Л.**). Йæ иртасæн куыст "Ирæттæ" райста фылдæр баллтæ.

Маринæ куыд зæгъы афтæмæй: "Конкурсмæ йæхи лæмбынæг, бæстон бацæттæ кодта æмæ тынг цин кæны, кæй фæуæлахиз, ууыл. Иртасæн куыстæй уæлдай ма конкурсмæ æрбахаста йæхи конд чъиритæ æмæ Уацамонгæйы ирон бæгæны. Арфæйы ныхæстæ зæгъын хъæуы, ацы мадзал чи сарæзта, нæ культурæ æмæ цардыуагимæ мах чи зонгæ кæны, уæлдайдæр та иннæ адæмтимæ, уыдонæн.

Алы къорды дæр уыдис йæхи уæлахиздзау. 5-æм кълæсты архайджытæй рамбылдта Советон Цæдисы Хъæбатыр Григорий Пасынковы номыл Æрыдоны скъолайы 5-æм къласы ахуырдзау **Дарья Казакова** (наукон разамонæг **О .Чередниченко**)-йæ куыст "Уырыссæгтæ"; **Самир Магомедов,** Дыгуры районы, Николаевскайы станицæйы Советон Цæдисы Хъæбатыр Сергей Батышевы номыл скъолайы 8-æм къласы ахуырдзау (наукон разамонæг **Хъæрджынты Ф.**) — "Цæцæйнæгтæ"; **Махидæ Маджидова,** Дыгуры районы Николаевскайы станицæйы Советон Цæдисы Хъæбатыр Сергей Батышевы номыл скъолайы 10-æм къласы ахуырдзау (наукон разамонæг **Хъæрджынты Ф.**) — "Таджикæгтæ".

Призертæ систы: **Тигран Нурахмедов, Акрам Маджидов, Дзагуырты Алисæ, Полинæ Лобанович, Томайты Саидæ** æмæ **Дзотты Дауыт**. Историйы дæсны Хъарданты Тимур конкурсы уæлахиздзаутæ æмæ призерты схорзæхджын кодта дипломтæ æмæ майдантæй. Бынæттæ чи нæ бацахста уыдоны та, конкурсы архайджытæ кæй уыдысты, уый тыххæй схорзæхджын кодта дипломтæй.

ХЪАРДАНТЫ Тимур

Рохæн æвгъау нæмттæ

Йæ цард уыд аивадæн нывонд

Ирыстоны фæрнджындæр цæрæн бынæттæй иу у Æрыдоны горæт. Ам цы адæм райгуырд æмæ царды уæрæх фæндагмæ чи рацыд, уыдонæй бирæтæ зынгæ фæд ныууагътой ирон театралон æмæ музыкалон аивады. Мæ уацы та цы адæймаджы тыххæй радзурынмæ хъавын, уый ирон адæмон хихъæппæрисадон аивадмæ бахаста ахадгæ æвæрæн. Уый та уыд УФ-йы æмæ РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг Гæбуты Михалы чызг Зоя. Фæндзай азæй фылдæр зæрдиагæй фæлæггад кодта нæ націон культурæйæн. Республикæйы районты æмæ хъæуты цы культурæйы хæдзæрттæ ис, цы аивадон къордтæ дзы кусы æмæ куыста, уыдоныл сæ фылдæрыл йæ аудæг арм Зоя дардта, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд уый рæдыд нæ уыдзæн.

Зоя райгуырд Æрыдоны. Йæ сабибонтæ уыдысты хæстæфхæрд. Йæ фыд Михал нал ссыд тохы цæхæрæй. Йæ бинойнаг Нинæ (Туайон) иунæгæй царды фæндагмæ ракодта йæ цоты. Ахуыр сæ кодта, ууыл, цæмæй ирон æгъдау æмæ æфсармыл, æвзаг æмæ æгъдауыл уой æнувыд. Цы куысты сæргъы-иу æрлæууой, уым та сæ хæстæ æххæст кæной фæзминагæй æмæ æнæлазæй.

Æмæ куыд нæ хъомыл кодтаид Нинæ йæ цоты ахæм уагыл, кæд æмæ, хæдзары куыстытæй уæлдай, йе уæхсчытыл æрæнцад хæдзарадон æмæ æхсæнадон куыстытæ. Уыд фосдарæн фермæйы хицау, Æрыдоны районы Адæмон советы депутат, Ирыстоны сылгоймæгты змæлды активон архайæг. Дæсны уыд ныхас ракæнынмæ, цы хъуыддаджы-иу бацыд, уым та-иу уыд уæз æмæ нæртон фарн.

Нинæйы 1966 азы равзæрстой Æрыдоны районæй делегатæй Ирыстоны сылгоймæгты фыццаг съездмæ. Уым Нинæ цы мидисджын ныхас ракодта, уый суанг хаст æрцыд чиныг "Хæхты сылгоймæгтæ"-мæ. Съезды кадджын уазджытæй иу уыд Советон Цæдисы хъæбатыр, дунейы фыццаг сылгоймаг-космонавт Валентинæ Терешкова. Æмæ йын Ирыстоны сылгоймæгты номæй зæрдиаг арфæ ракæныны бар уыд Нинæйæн. Балæвар ма йын кодта ирон цыллæхыз æмæ разгæмттæ.

Уымæй уæлдай ма, зыдта бирæ адæмон аргъæуттæ æмæ зарджытæ. Дæсны уыд хъарæг кæнынмæ дæр.

Фыдæлты загъдау, хорз бæлас адджын дыргъ фæдæтты. Нинæйы æмæ Михалы кæстæртæй иумæ дæр фау æрхæссæн нæ уыд. Фæлæ дзы йæ, мадау, æрдзон зонды хицау уыд Зоя. Йæ цард æнæхъæнæй дæр нывонд уыд аивады рæстæн.

Зоя скъола каст фæуыны фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыд Дзæуджыхъæуы музыкалон училищæмæ. (Ныр Гергиты Валерийы номыл аивæдты колледж). Ам æнтыстджынæй каст фæци адæмон инструментты хайад. Куыста Цæгат Ирыстоны радиойы æмæ телеуынынады адæмон инструментты оркестры. (Ныртæккæ та ацы аивадон коллектив хæссы УФ-йы адæмон артист, дирижер, фæндырдзæгъдæг æмæ рухстауæг, композитор, фольклорист Гæздæнты Булаты ном).

Зоя дзы æртæ азы куы бакуыста, уæд æй æрбахуыдтой Адæмон сфæлдыстады республикон хæдзармæ кусынмæ. Фыццаг уыд методист, фæстæдæр та ацы рухсадон артдзæсты дзуапп лæвæрдта организацион хайады æнтыстджын куыстæн, лæууыд адæмон сфæлдыстады хайады сæргъы. Фæстæдæр æй Адæмон сфæлдыстады хæдзары, директоры хæстæ æххæст кæнын дæр бахъуыд.

Йæ цæстыты цæхæрæй æмæ уды артæй, аивадмæ уарзтæй Зоя рухс кодта йе 'мкусджыты æмæ-иу йæ алыварс цы адæм уыд, уыдонæн се 'ппæты зæрдæтæ дæр. Цал æмæ цал хатты-иу ыл æрбабон хохаг æмæ быдираг хъæуты культурæйы хæдзæрттæ æмæ клубты аивадон къордты æмæ ансамблты архайджыты республикон, зоналон, Æппæтцæдисон, Æппатуæрæсеон, кæнæ дунеон фестивалтæм цæттæ кæнгæйæ. Йæ фæрцы ма сыл суанг сæ арм дардтой нæ республикæйы зындгонд аивады дæснытæ, УФ-йы сгуыхт артисттæ, зындгонд кафджытæ Цæболты Къоста, Сопойты Батырбег, зындгонд зарæггæнджытæ Суанты Федыр, Баллаты Валодя, Хъуылаты Елхъан; Ирон театры актертæ — Советон Цæдисы адæмон артист Тæбæхсæуты Бало, УФ-йы сгуыхт артист Мерденты Юри, РЦИ-Аланийы адæмон артист Темыраты Дауыт; фæндырдзæгъджытæ Гæздæнты Булат, Дзеранты Венерæ, Реуазты Симæ æмæ Мыстулаты Иринæ.

Зоя йæ цæстыты цæхæрæй æмæ уды артæй, аивадмæ уарзтæй, рухс кодта йе 'мкусджыты æмæ йæ алыварс цы адæм уыд, уыдонæн се 'ппæты зæрдæтæ дæр. Нæ республикæйы Зоя йы хъæппæрисæй арæзт цыдысты æрхуы æмæ адæмон музыкалон инструментæй цæгъдджыты æмæ адæмон зарæджы фестивалтæ æмæ конкурстæ. Куыд фæлтæрдджын спецалист, афтæ та-иу иудадзыгдæр архайдта зоналон, республикон аивадон конкурсты жюриты куысты.

Нæ республикæйы Зоя йы хъæппæрисæй арæзт цыдысты æрхуы æмæ адæмон музыкалон инструментæй цæгъдджыты æмæ адæмон зарæджы фестивалтæ æмæ конкурстæ. Куыд фæлтæрдджын кусæг, афтæ та-иу иудадзыгдæр архайдта зоналон, республикон аивадон конкурсты жюриты куысты. Уыд Адæмон сфæлдыстады хæдзары аивадон советы æмæ редакцион коллегийы уæнг. Мæскуыйы Михаил Глинкайы номыл музыкалон культурæйы музейы ирон музыкалон инструментты экспозиции саразыныл дæр фыццагдæр Зоя бацархайдта. Йæ фæрцы нæ республикæйы æрвылаз дæр алы адæмон театр, кафджыты æмæ зарæггæнджыты къорд сæрмагонд сфæлдыстадон конкурсы, йæ курдиат равдисгæйæ, иста кадджын нæмттæ "Сгуыхт", кæнæ "Адæмон".

Зоя номæй-номмæ зыдта алы хъæуы æмæ Дзæуджыхъæуы хихъæппæрисадон къордты разамонджыты æмæ архайджыты. Репетицимæ, кæнæ-иу сæм бæрæгбоны изæрмæ, цавæрдæр аххосæгтæм гæсгæ не 'рцыд, зæгъгæ, уæд-иу карджынæй-æрыгонæй сагъæсы бацыдысты, Зоя куыд нæ фæзынд, зæгъгæ. Афтæ зынаргъ æмæ хицон уыд се 'ппæтæн дæр. Йæ цæсты рухс уыдысты курдиатджын кæстæртæ. Се сфæлдыстады рæзтмæ сын кæддæриддæр йæ хъус лæмбынæг дардта. Йæ бон куыд уыд, афтæ сын-иу æххуыс дæр кодта.

Нæ республикæйы хихъæппæрисадон аивадыл Зоя алыварсыгæй кæй аудыдта, уымæн ма ахъаззаджы дæнцæг у, уый æмæ адæмон театртыл, кафджыты æмæ зарæггæнджыты къордтыл республикæйы радиойы æмæ телеуынынады арæзта цымыдисаг равдыстытæ æмæ радиобакастытæ **"Аивад куы уарзай", "Адæмон курдиæттæ", "Аивады гуырæнтæ"**. Фыста сыл мидисджын уацтæ республикон æмæ районты газеттæм: "Слово"-мæ, "Рæстдзинад"-мæ, "Стыр Ныхас"-мæ, "Северная Осетия"-мæ, "Владикавказ", "Рухс", "Размæ", "Фидиуæг", æмæ "Рахизфарсы цард"-мæ.

Рацарæзты дуджы бирæ табуйаг хъуыддæгтæ куы саслам сты, аивадмæ, цæмæй скъола рацæуа раззагдæрты æмрæнхъ, æмæ уый йæ къухы дæр бафтыд. Æз уыцы рæстæг куыстон Культурæйы хæдзары разамонæгæй. Лекцион пропагандæ уыдис тынг бæрзонд æвæрд. Иу ахæмы куысты пълан скодтон æмæ йæм бахастон лекци дæр **"Фæсивæды 'хсæн хъомыладон фарстатæ æмæ æддагон политикон ахастдзинæдтæ".** Уыцы фарстаты фæдыл Барисмæ куы бахатыдтæн, лекцитæ бакæсыны тыхæй, уæд йæхи ноджы фæрухсдæр кодта æмæ мын зæрдæ бавæрдта, лекцион куыст кæй рапарахат кæндзæнис, уымæй.

Барис арæх æмбæлдис фæллойгæнæг адæмимæ. Йæ лекцитæм ын хъуыстой зæрдиагæй. **Стыр аргъ кодта мадæлон æвзагæн. Лекцитæ-иу кастис нæ ирон кадджын æвзагыл дæр**. Æз ахуыргæнæг нæ дæн, фæлæ-иу арæх амбæлдтæн скъолайы ахуыргæнджытимæ. Иу ахæмы мæ хъуыдис Барис, фæлæ йæ кусæн уаты нæ разынд. Куыд мын бамбарын кодтой, уымæ гæсгæ бадтис **6-æм къласы ирон æвзагæн** ныкуыд фæсайдта. Æмбалæн, хæлардзинадæн аргъ кæнын, фæлæмæнзæрдæ уæвын, райгуырæн зæхх, ныйаргæ мадау, уарзын — ацы хуымæтæг ныхæстæм Мостийы-фырт хуымæтæг цæстæй нæ каст.

Ахуыргæнæджы курдиат, æвæццæгæн, æрдзæй рахаста. Ахуыргæнæг, профессор — Моститы Барисæн алкæддæр ын бæрзонд аргъ нарон ахуыртæ, уырдæм-иу æрбахуыдта. Кæд кафдрæйы иннæ ахуыргæнджыты нæ, фæлæ æхсæнадзонынады дæсныты.

Мостийы-фырт стыр æргом здæхта университеты ахуыргæнджыты наукон æмæвæзад бæрзонддæр кæныны æмæ наукон-иртасæн куыст рапарахат кæныны фарстатæм. Архайдта, Стыр Цæдисы иннæ уæлдæр цæмæй скъола рацæуа раззагдæрты æмрæнхъ, æмæ уый йæ къухы дæр бафтыд. Æз уыцы рæстæг куыстон Культурæйы хæдзары разамонæгæй. Лекцион пропагандæ уыдис тынг бæрзонд æвæрд. Иу ахæмы куысты пълан скодтон æмæ йæм бахастон лекци дæр **"Фæсивæды 'хсæн хъомыладон фарстатæ æмæ æддагон политикон ахастдзинæдтæ".** Уыцы фарстаты фæдыл Барисмæ куы бахатыдтæн, лекцитæ бакæсыны тыхæй, уæд йæхи ноджы фæрухсдæр кодта æмæ мын зæрдæ бавæрдта, лекцион куыст кæй рапарахат кæндзæнис, уымæй.

Барис арæх æмбæлдис фæллойгæнæг адæмимæ. Йæ лекцитæм ын хъуыстой зæрдиагæй. **Стыр аргъ кодта мадæлон æвзагæн. Лекцитæ-иу кастис нæ ирон кадджын æвзагыл дæр**. Æз ахуыргæнæг нæ дæн, фæлæ-иу арæх амбæлдтæн скъолайы ахуыргæнджытимæ. Иу ахæмы мæ хъуыдис Барис, фæлæ йæ кусæн уаты нæ разынд. Куыд мын бамбарын кодтой, уымæ гæсгæ бадтис **6-æм къласы ирон æвзагæн** ныкуыд хъæуы, ахæм лæмбынæг хъусдард куынæуал уыд, уæддæр Зоя йæ удæй æнувыд уыд йæ рухстауæн куыстыл. Йæ бирæ фенаг цæстæй æмæ фæлтæрддзинадæй аккаг аргъ кодта хихъæппæрисадон къордтæй алкæй куыстæн.

Зояйы уды зиуцæдис скодтой ахæм æппæлинаг миниуджытæ: зæрдæхæлардзинад, æфсарм, намыс, аивад æмæ ирон æвзагмæ æгæрон уарзт, йæ размæ æвæрд хæстæм бæрнон ахаст, æмкусджытыл аудæг зæрдæйыхатты хорзæхтæ. Никуы никæй зæрдæхудт райста, рæстæй никæй бафхæрдтаид, уыд куыстхъом, цардхъом. Рæстуд æмæ хъæлдзæг. Хорз æй чи зыдта, уыдон æм буцæн нæхи Зоя, зæгъгæ, дзырдтой. Æмæ уыцы уарзт уыд æнæбафæзмгæ æмæ сыгъдæг.

Зоямæ аивады æмæ культурæйы цы зонындзинæдтæ уыд, цы бирæ мидисджын æрмæджытæ йæм æрбамбырд, уыдоны бындурыл ныффыста æмæ мыхуыры рауагъта цыппар чиныджы **"Адæмон театрты цард", "Зæрдæйы зарæг", "Мерденты Хъайсын", "Æрхуы музыкалон инструменттæ"**. Æхсызгонæй пайда кæнынц клубты æмæ культурæйы хæдзæртты аивадон разамонджытæ, хихъæппæрисадон ансамблты æмæ зарæггæнджыты къордты разамонджытæ æмæ архайджытæ.

Фæрнджын ирон сылгоймаг, нæ аивады азфыссæг, уæздан хистæр Зоя 2015 азы ахицæн йæ цардæй. Фæлæ йæ мысынц, бирæ кæй уарзта, лæггад кæмæн кодта, уыцы артисттæ, зарæггæнджытæ æмæ бирæ æмкусджытæ. Ацы аз йæ райгуырдыл æххæст кæны 90 азы. Йæ уды бæрц йæ райгуырæн Æрыдон, Ирыстон æмæ йæ адæмы кæй уарзта, уый бæрæг уыд аивад æмæ культурæйы рæзтыл йе 'нæнцой архайдæй. Йæ рухс ном у фæлтæртæн мысинаг...

ГАСАНТЫ Валери

Радзырд

Царды бацыдмæ ды...

О, царды бацыдтæ ды... Алцæмæй дæр æххæст, бæркадджын у дæ цард. Ницы хъуаг дæ. Дæ бæллицтæ бафтыдысты дæ къухы. Бæрзонд галуантæ, æрттиваг "волгæ", карджын здыхт рихи мой — фесты дæ хай.

Уæдæ ма уæд афтæ æнкъард цæмæн дæ?.. Дæ сæнтсау дзыккутæм дын урс ахорæнтæй чи феныдзæвыд?.. Цавæр саузæрдæ дын разынд?.. Чи дын бакалдта дæ судзаг зæрдæйыл ихджын дон?.. ...Хъуыды-ма кæнын. Цы хъæлдзæг-иу уыдтæ, цы цардбæллон цæстытæ дын уыд... Дæ фæндыры цагъд, дæ зæрдæисгæ зард уæнгты хъардтой. Хъæубæстæ ма арæх æрымысынц уæ нæртон чындзæхсæв дæр. Хурхуыз разгæмтты дæ ног хæдзармæ куы фæцæйкодтой, уæд урсрихи зæронд лæгтæ афтæ куы дзырдтой:

— Фарн фæцæуы, фарн!.. Фарн уæм йæхи къахæй фæцæуы!..

Æви раст нæ уыдысты хистæрты ныхæстæ? Зæгъ-ма. Фæуром дæхи. Мауал згъал дæ цæссыг. Кæй уазал къухтæй хуыссынц дæ рухс бæллицтæ? Чи у? Куыд зæгъыс? Уарзондзинад?

— Нæ, рæдийыс. Тынг рæдийыс. Æцæг уарзондзинад, суадонау, сыгъдæг у, адæймаджы, хурау, фæтавы, йæ хъарутыл ын æфтаугæ фæкæны. Уæд афтæ цæмæн дзурыс?..

